

Kijan pou w sèvi ak yon inalatè ki mezire dòz ki gen yon chanm retansyon (ekatman) ak yon mask

Prepare yon nouvo inalatè: Anvan ou sèvi ak li pou premye fwa, si w pa itilize l pou plis pase 7 jou, oswa si li te tonbe.



1. Souke inalatè a pandan 10 segonn.



2. Retire bouchon an sou inalatè a. Asire w bouch la ak chanm retansyon valv yo pwòp epi pa gen anyen andedan bouch la.



3. Mete bouch inalatè nan fen ouvèti chanm lan / espasè a. Mete mask sou chanm lan si l pa deja tache.



4. Mete mask la sou nen ak bouch moun nan asire w li byen aplike.



5. Peze desann sou inalatè a yon fwa.



6. Kite mask la sou figi moun nan, pandan y ap pran 6 respirasyon regilye.

Si w bezwen yon lòt doz medikaman, rete tann 1 minit epi repete etap 4-6.



7. Rense l avèk dlo epi krache l. Siye vizaj ou ak yon twal mouye.

Yon bon teknik respiratwa enpòtan lè w ap pran medikaman pou opresyon w epi kontwole respirasyon w. Asire w pote tout medikaman ak aparèy ou yo nan chak vizit ak pwofesyonèl swen prensipal ou oswa famasyon pou w verifye si w itilize yo kòrèkteman, oswa si w gen pwoblèm pou w sèvi ak yo.

Pou plis videyo, dokiman, leson patikilye ak resous, vizite [Lung.org](https://www.lung.org).

Eskane Kòd QR la pou jwenn aksè nan Videyo Pwatik yo



Ou ka konekte tou ak yon terapèst respiratwa pou yon sipò endividyèl gratis atravè Lung HelpLine American Lung Association nan **1-800-LUNGUSA**.